




Haitian Creole Edition
Grade 4 Mathematics, Book 2
May 6–8, 2003

Pwogram Egzamen Eta Nouyòk
Matematik

Liv 2



Le 6–8 me 2003

Non _____



Published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2003 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TI KONSÈY POU OU SUIV LÈ W AP PRAN EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon nou fè pou ede w fè maksimòm ou nan egzamen an:

- Fok ou sèten ou li ak atansyon tout espplikasyon yo ba w nan liv egzamen an.
- Mande pwofesè ou a pou li esplike ou tout espplikasyon ou pa konprann.
- Ou kapab sèvi ak enstriman ou yo pou yo ede ou rezoud nenpòt pwoblèm nan egzamen an.
- Li chak kesyon ak atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri yon repons.
- Fòk ou sèten ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou kapab resevwa yon pati nan pwèn yo si ou montre travay ou fè.



Desen sa a vle di ou dwe sèvi ak règ yo ba ou a.



Desen sa a vle di ou dwe sèvi ak fòm yo ba ou yo.



Desen sa a vle di ou dwe sèvi ak kawo yo ba ou yo.

Sesyon 2

31 Gen 157 elèv nan kratyèm klas la. Nan jou egzamen an, 9 elèv te absan. Chak elèv ki tap pran tès la te resevwa 2 kreyon. Ki kantite total kreyon te distribye bay elèv yo ki te pran tès la jou sa a?


Montre travay ou.

Repons _____ kreyon

32

Pati A

Nan shema anba a, kolore bon kantite bwat yo ki pral montre chif chak desimal.



Pati B

Sou pwochen liy lan, ekri tou le 3 chif desimal nan Pati A nan lòd depi *pi piti* rive nan *pi gran*.


Kontinye



Itilize règ ou pou ede w rezoud pwoblèm sa a.

Pati A


Monsye Ortiz ap sèvi ak zouti kle ki anba a pou ranje yon machin. Konbyen santimèt de lajè ouvèti zouti kle a mezire?



Repons _____ santimèt



Pati B

Monsye Ortiz gen yon boulon ki 11 milimèt de lajè. Desinen yon wonn otou boulon anba a ki mezire egzakteman 11 milimèt de lajè.



35

Kevin ak papa li fè yon ti kay pope ak bwa. Twati ti kay la te fèt ak de moso diferan nan dimansyon ke yo montre ou li anba a.

**Pati A**

Ki perimèt, an santimèt, pati sou *devan* twati ti kay la?

Repons _____ santimèt

Pati B

Ki sipèfisi, an santimèt kare, pati *dèyè* twati ti kay la?

$$\text{Sipèfisi} = \text{longè} \times \text{lajè}$$

Repons _____ santimèt kare

37


Warren mande elèv nan klas li ki sa yo te manje nan dejne. Tablo enfòmasyon ki anba a montre ki sa elèv yo te manje.

ETID WARREN FÈ SOU DEJNE

Dejne	Kantite Elèv
Pannkek	///
Sereyal	### ## /
Ze	### //
Donnèt	////

38

Heather te sèvi ak chalimo menm longè epi ak ti moso ajil pou fè yon reprezantasyon ki gen fòm yon kib. Yon dyagram reprezantasyon li an ki poko fini parèt anba a.



Pati A

Desinen bò ki rete yo epi somè dyagram lan pou fini reprezantasyon li a.

Pati B

Ki kantite chalimo antou, pral sèvi pou konplete reprezantasyon an nèt?

Repons _____ chalimo

39

Itilize kontè w yo pou ede w rezoud pwoblèm sa a.

Kyle, Lee ak Melissa ranmase 14 wòch pou klas syans lan. Lee gen 5 wòch. Kyle gen mwens wòch pase Lee. Melissa gen de fwa plis wòch pase Kyle.

Pati A

Nan pwochen tablo a, ekri kantite wòch Kyle ak Melissa genyen.

KANTITE WÒCH KI RANMASE

Non	Wòch
Kyle	
Lee	5
Melissa	
Total	14

Pati B


Sou liy ki anba a, eksplike kouman ou te fè pou jwenn repons ou an. Sèvi ak mo, senbòl oubyen toude nan eksplikasyon ou bay la.

PA tounen paj sa a jistan yo pa di ou pou tounen li.

Sesyon 3

40

Monsye Valdez achte 30 jounal pandan tout yon mwa. Anba a gen tout jounal li pa jete pou mwa sa a.



Pati A

Ki kantite jounal manke nan 30 jounal Monsye Valdez te achte yo?

Montre travay ou.

Repons _____ jounal

Pati B

Ki fraksyon nan 30 jounal Monsye Valdez te achte yo pa la?

Repons _____

41 Gen 112 donnèt nan vitrin ki nan Patisri Dorothy a. Patisri a vann konfiti, chokola epi donnèt glase. Si gen 24 donnèt ki gen konfiti andedan yo epi 33 donnèt chokola nan vitrin lan, ki kantite donnèt *glase* ki gen nan vitrin la an total?

Montre travay ou.

Repons _____ donnèt glase

42 Makoto gen yon koleksyon 100 ti kat li ka chanje pou lòt kat. Li bay meyè zanmi li 15 kat. Apresa Makoto bay frè li 10 nan kat li gen ki rete li. Ki pousantaj nan koleksyon ti kat Makoto yo li fè kado?

Repons _____ %

Ki pousantaj nan koleksyon li a li gen ki rete li?

Repons _____ %

Kontinye

43



Itilize règ ou pou ede w rezoud pwoblèm sa a.

Pati A

Nan espas ki anba a, desinen yon rektang ki gen 10 santimèt de longè epi 5 santimèt de lajè.

Pati B

Desinen moso ki manke yo pou fini kare a epi triyang lan.



Kare



Triyang

45

Colin depoze enpe bouton sou yon tab. Te gen 4 bouton ble, 5 bouton wouj, 7 bouton bèj epi 8 bouton blan.

Chat Colin nan sote sou tab la epi li pouse tonbe 1 bouton atè a. Ki pwobablilite pou bouton ki atè a te gen koulè ble?

Montre travay ou.

Repons _____

46

Paula al achte epi li depanse an total \$92,00. Li achte 1 pè linèt solèy, 2 chapo epi 4 chemiz.

Fin ranpli tablo ki anba a ak Pri Total pou chak atik diferan epi ak pri pou linèt solèy yo. Sòm Pri Total 3 diferan atik yo fèt pou lè yo adisyone ansanm bay \$92,00.

ACHA PAULA FÈ

Kalite Atik Yo	Kantite Li Achte	Pri	Pri Total
Linèt solèy	1		
Chapo	2	\$12,00 chak	
Chemiz	4	\$15,00 chak	
KONBYEN LI DEPANSE AN TOTAL			\$92,00

47

Mark fè yon sistèm konfigirasyon ak yon desen 7 ranje etwal. Li ajoute plis etwal nan chak ranje, jan sa montre nan tablo anba a.

SISTÈM KONFIGIRASYON MARK

Ranje	1	2	3	4	5	6	7
Kantite Etwal	1	3	6	10	15		

Pati A

Ki kantite etwal li pral desinen nan Ranje 7?

Repons _____ etwal

Pati B

Si sistèm konfigirasyon an kontinye, ki ranje pral gen 45 etwal ladan li?

Ranje _____


Pati C

Sou liy yo ki anba a, dekri sistèm konfigirasyon Mark itilize pou ranje etwal yo.

Kontinye

48

Alan fè yon gwo afich long lè li kole ak adezif pati kwen long 10 moso papye ansanm jan li montre anba a.



Chak moso papye 22 santimèt de lajè epi 28 santimèt de longè.

Pati A

Ki gwosè perimèt 1 moso papye?

Montre travay ou.

Repons _____ santimèt

Pati B

Ki gwosè perimèt afich long lan?

Montre travay ou.

Repons _____ santimèt

Place Student Label Here



The McGraw-Hill Companies

Liv 2
Matematik
Klas 4
Le 6-8 me 2003
